



Vwazen pam,

Ak sezon fredi a ki ap pwoche rapid, li lè pou prepare pou fè fas ak nèj, glas ak tanperati glasyal. Se poutèt sa nou te mete ansanm gid sa a pou ede w ak fanmi w, zanmi w ak vwazen w prepare pou move tan k ap vini an. La w ap jwenn konsèy sou fason pou travay ak kominate w la pou asire sekirite lari ak twotwa nou yo.

Kenbe kominate nou an sekirite se responsabilite nou chak. Kidonk, pran swen sitwayen parèy ou yo, sitou sila yo ki plis santi efè fredi a, tankou granmoun aje yo, moun ki gen pwoblèm sante ak vwazen ki san kay nou yo.

Ansanm, nou kapab fè Boston tounen yon kay pou nou tout pandan tout ane a.

Pou tout kesyon oswa enkyetid ki pa ijans, rele 311. Si w nan yon sitiayson ijans, rele 911 imedyatman.

Mwen espere ou ap pase yon sezon fredi an sekirite, an sante, ak kè kontan!

Michelle Wu

Michelle Wu
Majistra Boston

PRSR STD
U.S. POSTAGE
PAID
BOSTON, MA
PERMIT 5343
** ECRWSS *

*****ECRWSS*****
RESIDENT CUSTOMER
BOSTON, MA

GID METEYO IVÈ 2024-2025

NIMEWO ENPÒTAN

Nan ka ijans, rele 9-1-1
Nan ka ki pa ijans, rele 3-1-1 oswa **617-635-4500**

- Boston Water & Sewer: **617-989-7000**
Eversource: **800-592-2000**
National Grid Gas: **800-322-3223**
Verizon: **800-837-4966**
- ABCD Fuel Assistance: **617-357-6012**
DCR: **617-626-4973**
MassDOT: **857-368-6111**
MBTA: **617-222-3200**

GID METEYO IVÈ 2024-2025

Pou rete enfòme sou ijans ki gen rapò ak nèj, entèdiksyon pakin, reta ak anilasyon lekòl :

- Vizite [boston.gov/snow](#)
- Swiv @CityofBoston
- Enskri pou tout alèt vil la sou [boston.gov/alerts](#)
- Telechaje aplikasyon 311 la sou mobil



Gid sa a disponib sou [boston.gov/snow](#) an:

Español Spanish	Kriolu Cabo Verdean Creole
简体中文 Simplified Chinese	Русский Russian
繁體中文 Traditional Chinese	Français French
Kreyòl ayisyen Haitian Creole	Tiếng Việt Vietnamese
Português Brazilian Portuguese	العربية Arabic
Soomaali Somali	

DEBARASE TWOTWA YO

Nou mande rezidan yo ak pwopriyetè biznis yo pou yo retire nèj, labou ki fonn ak glas sou twotwa yo ak ranp pou pyeton yo ki nan limit pwopriyete w la. Apre yon tanpèt, ou ta dwe netwaye zòn sa yo nan nèj:

- nan lespas 3 èdtan apre nèj ki tonbe, oswa
- 3 èdtan apre solèy leve si nèj tonbe nan lannwit lan.
- Retire glas jiskaske wout la klè oswa a nivo otank posib. Twotwa yo dwe netwaye pou kreye yon chemen omwen 42 pouzajè pou akomode chèz woulant ak pousèt.

Divizyon Aplikasyon Kòd la pral bay rezidan yo ak pwopriyete biznis ki vyole règ sa yo amann. Yo ka bay amann chak jou jiskaske enfrakson an rezoud.

Amann pou twotwa ki pa netwaye yo se jan sa a:

- Bilding komèsyal : \$200
- Bilding rezidansyèl, 16 lojman oswa plis: \$100
- Bilding rezidansyèl: \$50

JERE LARI KI GEN NÈJ

Ede nou kenbe lari yo louvri pou chasnèj ak machin ijans lè w pakin omwen 20 pye de entèsekson ak mwens pase 1 pye de twotwa a. Pa bloke twotwa, bòn dife, ranp, chemen pou bisiklèt, ale oswa lari a avèk machin ou.

Nan ka yon ijans nèj, rabè pakin yo disponib nan garaj ki gen yon pèmi pakin rezidan ki valab. Pakin rabè kòmanse dezèdtan anvan yon ijans nèj kòmanse epi li fini dezèdtan apre. Nou pa pèmèt pakin aswè ak lannwit nan pakin Lekòl Piblik Boston pandan epizòd nèj yo.

Vizite boston.gov/snow pou w konnen ki kote pou w pa pake nan yon ijans pou nèj. Nou gen enfòmasyon tou sou garaj ak rabè yo.

Èske w itilize elektrisite pou chofaj? Konsidere enskri nan pwogram Boston Community Choice Electricity (BCCE) pou benefisyé de yon apwovizyonman elektrisite abòdab.

Rele 3-1-1 oswa vizite boston.gov/energy pou plis enfòmasyon.

RETE CHO AK AN SEKIRITE

Lokatè:

Pwooblèm chofaj? Di mèt kay la sa an premye. Si li pa reponn, rele 3-1-1 pou depoze yon plent

Pwopriyète:

Bezwè èd pou peye pou chofaj la?
Aplike pou èd nan pwogram asistans pou revni fèb Leta a


Pwogram Asistans Enèji pou kay (LIHEAP) Vizite boston.gov/home-heating oswa

Rele 617-357-6012.

Tout moun :

- Pa janm sèvi ak fou ou pou chofe.
- Aparèy chofaj espas yo ka lakòz dife, kidonk pa mete yo toupre rido oswa objè ki ka pran dife. Sonje fèmen yo anvan ou ale nan kabann.
- Netwaye vantilasyon tiyo echapman pou evite anpwazònman ak monoksid kabòn
- Tcheke ke monoksid kabòn ak detektè lafimen ap travay.

Mèt pou pakinn yo rete an vigè pandan ijans nèj.



Netwaye tout nèj nan omwen yon pye alantou möflè machin ou anvan ou demare machin ou.

FATRA AK RESIKLAJ

Si ta gen gwo tanpèt nèj, yo ka anile koleksyon fatra nan kay la ak resiklaj. Pi souvan, gwo tanpèt nèj ka lakòz reta nan sèvis la, kidonk nou mande koperasyon w ak pasyans.


Pou wè orè fatra ak resiklaj katye w la epi chèche konnen ki atik yo ka resikle epi ki pa ka resikle nan vil Boston, tanpri:

- vizite boston.gov/trash-day
- telechaje aplikasyon Trash Day la, oswa
- rele 3-1-1

Ekip yo gen difikilte pou yo rive nan poubèl ak bak resiklaj ki dèyè ban nèj yo. Tanpri netwaye yon zòn nan bò twotwa a pou ramasaj la oswa mete resipyan yo akote oswa devan ban nèj yo.

Nou kolekte Saven Nwèl pou konpostaj soti 30 desanm rive 10 janvye. Pa mete yo nan sache plastik. Tanpri retire sipò ak dekorasyon nan pye Saven Nwèl la. Si ou gen de jou resiklaj, nou kolekte pye Saven Nwèl nan premye jou resiklaj nan semèn nan. Mete pye Saven w yo sou kwen lari w anvan 6 zè nan maten

N ap baw kontravansyon epi n ap remòke w si w ap pake sou yon wout ke yo signale kòm yon danje pou nèj pandan yon ijans deklare.



Retire Ekonomizè Espas yo nan 48 èdtan apre yon ijans nèj yo te leve. Tanpri sonje: Ekonomizè Espas yo pa otorize nan South End oswa Bay Village.